

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta Buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*. Buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh mangrupa buku kumpulan dongéng nu aya diwewengkon Pakidulan Garut. Ieu buku disusun ku Warjita, M.Ziaulhaq, jeung H.Burhanudin Afif. Anu diterbitkeun ku Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Garut dina taun 2007.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna dongéng anu aya dina buku *Dongéng-Dongéng Pakidulan Garut*, anu jumlahna aya 19 dongéng. Wincikanan: *Prabu Waregasakti; Putri Lenggik Linggamanik; Sembah Dalem Arya Kopak; Balung Tunggal; Embah Kamancing, Embah Sumaprana jeung Dalem Kasép; Embah Kararangé; Prabu Kalang Béntang; Prabu Munding Ayunan; Éyang Pasir Caladi; Tugu Bunisari Lendra; Sasakala Kai Kaboa; Sasakala Turunan Batuwangi Cadu Ngadahar Hulu Hayam; Sasakala Gunung Gajah; Sasakala Blok Naringgul; Sasakala Gunung Kendang; Sasakala Turunan Maribaya Goréng Sora; Sasakala Cilauteureun jeung Pameungpeuk; Dalem Boncél; jeung Sasakala Karangparanjé.*


3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan téh mangrupa prosés atawa léngkah-léngkah anu diperlukeun dina rarancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu

panalungtikan aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan, nyaéta tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung nyusun laporan. Dina tahap ngumpulkeun data, aya sababaraha tahap anu kudu dilaksanakeun, nyaéta: Maca sagemblengna buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*; jeung nganalisis data, dipasing-pasing dumasar kana unsur struktural jeung semiotikna. Dina tahap ngolah data, aya sababaraha tahap anu kudu dilaksanakeun, nyaéta: ngadéskripsikeun eusi unggal dongéng; jeung nyieun kacindekan ajén moralna tina data anu geus diolah pikeun nyieun bahan pangajaran. Anu pamungkas nyaéta nyusun laporan. Sangkan léuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu ayana métode, métode digunakeun salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham dina ngaréngsékeun pasualan.

Méthode panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngarojong dina ngalakukeun kagiatan panalungtikan ku cara direncanakeun, dilaksanakeun sarta ngolah data nepi ka nyieun kacindekan.

Ieu panalungtikan téh baris ngadéskripsikeun jeung nganalisis (ngagunakeun ulikan struktural-semiotik) data anu aya dina buku *Dongéng-Dongéng Pakidulan Garut* disawang tina ajén moral. Ku kituna, métode anu luyu dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngungkulan pasualan-pasualan faktual ku jalan ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data.

Numutkeun Suyatna (2002: 14), tujuan panalungtikan déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu.

Prosedur atawa léngkah-léngkah anu bisa dilakonan tina métode déskriptif nyaéta:

- 1) Ngadéskripsikeun unggal carita dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*;
- 2) Ngadéskripsikeun unsur intrinsik nu aya dina dongéng;

- 3) Ngadéskripsikeun simbol-simbol nu aya dina dongéng;
- 4) Nyindekkeun hasil panalungtikana.

3.4 Définisi Operasional

Dina ngalaksanakeun panalungtikan ieu, saméméhna kudu dipedar heula ngeunaan sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Wangenan operasional dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ajén moral nya éta nyarankeun ngeunaan alus goréngna anu ditarima ku nu maca ngeunaan kalakuan, sikep, ahlak, kawajiban, budi pekerti jeung susila.
- 2) Dongéng Pakidulan téh mangrupa carita rayat (*folktale*) atawa carita balaréa anu aya tur sumebar di wewengkon Pakidulan Garut.
- 3) Buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh mangrupa buku kumpulan sababaraha carita rahayat anu aya di wewengkon Pakidulan Garut, hasil alpukahna Pamaréntah Kabupatén Garut ngaliwatan Dinas Pendidikan dan Kebudayaan.
- 4) Bahan pangajaran nya éta bahan anu dibikeun ka siswa dina waktu lumangsungna proses diajar-ngajar, pikeun ngahontal tujuan pangajaran.
- 5) Struktural semiotik téh mangrupa peso anu digunakeun pikeun ngulik unsur-unsur nu aya dina dongéng.

Dumasar kana wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén anu dimaksud *Ajén Moral* dina *Buku Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun *Bahan Pangajaran di Sakola (Ulukan Struktural-Semiotik)* téh nyaéta panalungtikan anu ngadéskripsikeun dongéng-dongéng nu aya dina buku *Dongéng-dongéng*

Pakidulan Garut dumasar kana ulikan struktural semiotik pikeun meunangkeun ajén moral dina dongéng nu tujuanna pikeun bahan pangajaran.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat anu dipaké dina panalungtikan pikeun ngarojong dina prosés nganalisis unsur intrinsik jeung unsur semiotik dongéng.

Instrumen panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél. Tabél téh digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik jeung semiotik anu némbongkeun ajén moral dumasar kana unsur intrinsik anu kapanggih nyaéta téma, tokoh, galur, latar. Sarta jenis tanda anu kapanggih, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol.

Format Tabél Panalungtikan Analisis Unsur intrinsik Dongéng

Tabél 3.5.1

Interprétasi kana Téma jeung Pasualan

No.	Kode Dongéng	Téma	Tipe Téma	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Tabél 3.5.2

Interprétasi kana Tokoh (Palaku)

No.	Kode Dongéng	Palaku	Peran			Interprétasi
			PU	PK	PT	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Tabél 3.5.3
Interprétasi kana Galur

No.	Kode Dongéng	Tipe Galur			Intérprétasi
		Mérélé	Bobok tengah	Mundur	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(7)

Tabél 3.5.4
Interprétasi kana Latar (*Setting*)

No.	Kode Dongéng	Data	Latar			Intérprétasi
			Sosial	Tempat	Waktu	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Format Tabél Panalungtikan Analisis Unsur Semiotik Dongéng

Tabél 3.5.5
Interprétasi kana Ikon

No.	Kode Dongéng	Référént	Intérprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.5.6
Interprétasi kana Indéks

No.	Kode Dongéng	Référént	Intérprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.5.7
Interprétasi kana Simbol

No.	Kode Dongéng	Référént	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)

3.6 Téknik Panalungtikan

Numutkeun Suyatna (2002: 18), téknik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha atawa cara (prosedur) nu kudu dilakonan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran dina panalungtikan bisa kahontal.

3.6.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun telaah pustaka. Ieu téknik digunakeun pikeun meunangkeun tiori nu rék dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun panalungtikan sarta néangan ajén moral dina dongéng anu aya dina buku *Dongéng-Dongéng Pakidulan Garut*.

Telaah pustaka anu aya patalina kana tiori sipatna tioritis, ari studi pustaka pikeun néangan ajén moral nu sipatna aplikatif.

3.6.2 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téknik analisis data. Téknik analisis data digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data ngagunakeun ulikan struktural jeung semiotik, sarta ngarumuskeun hal-hal anu patali jeung ajén-ajén dina dongéng, nu tuluy dianalisis dumasar kana ajén

moralna. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu dihandap.

- a) Nyirian jeung ngasupkeun kana tabél unggal unsur intrinsik jeung unsur semiotik nu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*;
- b) ngadéskripsikeun sakabéh unsur instrinsik nu geus dicirian, tuluy nyindekkeun amanat jeung ajén moral anu kapanggih dina unggal dongéng dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*;
- c) nangtukeun perséntase unsur intrinsik jeung semiotik anu kapanggih dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* ku cara maluruh ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{jumlah indikator}}{\text{jumlah unsur}} \times 100$$

- d) dongéng dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* dibéré kode nu tangtu.

Contona: I

● Katerangan **kode**:

I Prabu Waregasakti

Katerangan **Urutan Judul Dongéng dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut***:

I Prabu Waregasakti

II Putri Lenggik Linggamanik

III Sembah Dalem Arya Kopak

IV Balung Tunggal

V Embah Kamancing, Embah Sumaprana jeung Dalem Kasép

- VI Embah Kararangé
- VII Prabu Kalang Béntang
- VIII Prabu Munding Ayunan
- IX Éyang Pasir Caladi
- X Tugu Bunisari Lendra
- XI Sasakala Kai Kaboa
- XII Sasakala Turunan Batuwangi Cadu Ngadahar Hulu Hayam
- XIII Sasakala Gunung Gajah
- XIV Sasakala Blok Naringgul
- XV Sasakala Gunung Kendang
- XVI Sasakala Turunan Maribaya Goréng Sora
- XVII Sasakala Cilauteureun jeung Pameungpeuk
- XVIII Dalem Boncél
- XIX Sasakala Karangparanjé